Seserepan saking suwargi G.P.H. Kusumadiningrat mratelakaken, bilih ingkang yasa lenggotbawa punika Bathara Wisnu, duk nalika nyipta sesotya 7 (pitu) kadadosaken widadari ayu linuwih satunggal-satunggal. Lajeng sami jogedan urut-urutan ngubengi manengen prakdaksina sang Bathara, ingkang lenggah ing balekambang.

Sang Hyang Wisnu sänget kapranan listya sarta endahing malenggotbawa. Rehne Dewa agung boten pantes nolah-noleh, nunten nyipta soca tanpa wilangan. Saben angga wonten netranipun.

Manawi mitologi Hindhu, dewanipun Sang Hyang Brama, nyipta muka 4 (sakawan). Pramila ing ikonografi dados titikan, manawi reca muka 4 punika Bathara Brama.

Dhawuhipun Bapak, Bedhaya Ketawang punika anggambaraken gung kasmaranipun Kangjeng Ratu Kidul dhateng Panembahan Senapati. Ngrerepa, ngrumpaka, manuhara,olah sarira. Jogedan kangge mahyakaken sarasaning driya, ngancap sageda wor salulut. Pangan-capipun wau tansah dipun endhani. Ingkang Sinuhun kasuwun boten kondur lestantuna jumeneng nata wonten ngriku, nglenggahi dhampari-pun Prabu Ramawijaya Sakadhomas Balekencana^), ingkang katitipaken ngriku, durnugi yen sampun wonten turasipun ingkang kinawasa nglenggahi. Ingkang kuwaos nglenggahi inggih Ingkang Sinuhun punika.

Ingkang Sinuhun boten kersa, mindhak ing tembe boten saged kondur dhateng "sangkan paran". Namung sagah anggarwa satedhak turunipun ingkang jiuneneng nata ing tanah jawi^). Malah kosok wangsulipun Kangjeng Ratu Kidul ingkang kadhawuhan ndherek ndharat kondur

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhateng Mataram, ngajari Bedhaya Ketawang dhateng klangenan dalem bedhaya. Kalampahan ngantos sarampungipun, lajeng pamit kondur. Namung saben "Anggarakasih" wangsul ajar-ajaran.

Salajengipun dhawuh dalem wau, manawi eandhik ayu punika aunaripun Sakadhomas kadhawahan soroting surya sampun lingsir, badhe sumurup ing agraning wukir^'.

Mirid suraosipun pungkasaning ungel-ungelan sindhen Bedhaya Ketawang, dipun semoni, Kangjeng Ratu saklangkung nalangsa:

Hanon tangís tumengeng tawang,
ride, kadya lintang pakartine Panembahan,
nde, tanuhastra kadya geni urube,
kantar-kantar, YEN M ATI NGENDISURUPE, KYAI?

Gendhing ingkang samangke kangge nabuhi Bedhaya Ketawang punika asring winastan Ketawang Gedhe, sairib kaliyan joged lan kidungipun. Ketawang punika gendhing kenong 1, sisihanipun ladrangan kenong 3. Nanging gendhing kasebut nginggil wau boten saged kangge klenengan, awit kajawi khudus, dadosipun ketawang wau saking kidungipun pasindhen. Tabuhanipun namung mbarung kemawon. Dados lugunipun sanes gendhing, nanging tembang gerong.

Pancen inggih boten saged, dene tanpa ricikan ingkang damel gendhing. Ingkang ngangkang namung kemanak kaliyan pesindhen. Ing serat Bharatayuddha kasebut "mantraka", ing suluk janturan jejering ringgit wacucal lajeng winastanan "mandaraga". Nelakaken biiih kemanak punika langkung sepuh; sasumerep kula Bedhaya Ketawang dereng kocap.

Pratelanipun R.T. Warsadiningrat, Kangjeng Ratu Kidul namung ingkang mewahi jurubeksa kalih, dados sanga lajeng ngunjukaken dhateng Mataram kemawon.

Wondene cak-cakanipun, manawi pinuju pathetan lampahing bedhaya urut kacang, medal saking Dalem Ageng Prabasuyasa, nglangkungi kori ingkang kidul piyambak^' dhateng Pandhapi Ageng Sasanasewaka. Boten kados padatan lampahing bedhaya ingkang kenceng dhawah satengen dalem. Tumrap Bedhaya Ketawang wiwit mandhap saking Parasedyangancrasmangaler-ngetan,minggah pandhapi, saweg wangsul kenceng malih mangetan *nengenaken* Ingkang Sinuhun, lajeng menggok manengen. Dumugi ngarsa dalem linggih rakit.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wangsulipun nurut kados medalipun bedhaya limrah, nengenaken Ingkang Sihunuh.

Kawontenan ingkang mirunggan punika boten namung mengku teges lamba kemawon, nanging wonten werdinipun ingkang lebet, inggih punika beksan candhi.

Ingkang Sinuhun kaentha utawi kagatra dewa/reca dewa pratistha, kaubengan kaliyan jogedan, nama "pradaksina", kados malenggot-bawanipun para widadari ngubengi Bathara Wisnu ingkang lenggah ing samadyaning balekambang kasebut nginggil. Amung Bedhaya Ketawang jogedan memuja tuwuh.

Ingkang kangge pathetan gangsanipun wewah: rebab, gender, gambang, suling, kabarung pasindhen supados darnel laras anganyut-anyut, winastan "suluk".

Wewahan punika punapa saking Kangjeng Ratu Kidul, sinartan wewahing jurubeksa? Nitik ubeding lampah, saking pangraos kula nelakaken bilih Bedhaya Ketawang punika langkung sepuh malih. Tebih sanget kaliyan jaman Mataram ing abad 16 Jawi.

Sanadyan ing ngriki kemanak dipun anggep pangajeng, nanging ing sanes panggenan prasasat boten kocap. Bedhaya-Srimpi namung Anduk, Anglir Mendhung sarta sanesipun sawatawis. Ing sajawining kraton malah boten kocap babar pisan, kajawi Ngesthi Pandhawa ingkang gadhah, saking pambudidayanipim suwargi Sastrasabda. Nalika kula takeni angsalipun saking pundi, boten blaka.

R.T. Warsadiningrat inggih gadhah saking Mangku Nagaran. Cariyosipun lorodan saking Anglir Mendhung sarta pratela, bilih Anglir Mendhung punika anggitanipun K.G.P.A.A. Mangku Nagara I, kanamakaken Bedhaya. Jurubeksanipun 7 (pitu), lajeng konjuk mlebet. Kaparengipun Ingkang Sinuhun Paku Buwana IV jurubeksa kasuda 3, kantun 4, dados srimpi.

Manawi pamawas kula boten klentu, Anglir Mendhung punika adhinipun Bedhaya Ketawang, katitik saking paugeranipun ingkang baku sami:

a. Nama (anglir) Mendhung, papanipun mendhung ing langit.
   (Ke)tawang = langit, kuwenganipun mendhung.
b. Kemanak sami, terus ngangkang.
c. Tabuhanipun sami kaliyan Ketawang, kawitan kendhang ageng, pungkasan kendhang kalih.

Wondene anggen kula ngucap "adhi" punika, Bedhaya Ketawang jurubeksanipun 9 sampun diwasa. Medalipun setahun namung sepisan,

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wonten ing Pendhapa Ageng Sasanasewaka. Ingkang sami nangkil, agemanipun inggih mirunggan.

Srimpi Anglir Mendhung jurubeksanipun namung 4 taksih prawan jumegar, gebyaganipun sawanci-wanci. Papanipun ing pundi kemawon sakarsanipun.

Ingkang wigatos sanget, anggenipun sami malati kalih-kalihipun. Kojahipun ingkang ngayahi nalika gendhingipun dipun rekam, ngantos wongsal-wangsul boten dados. Sareng dipun sajeni ageng, kados Bedhaya Ketawang, saged dados. Manawi makaten tunggil pakareman, jalaran tunggil asal. Namung anehipun ing kraton sepen seserepan babar pisan.

II

Bedhaya Ketawang punika satemenipim sampun dangu dados kawigatosan kula, jalaran saking sabab warni-warni, kados ingkang sampun kula andharaken ing ngajeng. Tundhonipun ngantos nekad mituruti pamintanipun Pangreh Ageng Java Instituut, nrajang aweran janur kuning, kangge sesorah ing Kongres Java Instituut ingkang sapisan.

Lajeng nuwuhaken pitakenan, dene teka wanuh wani nerak waleraning leluhur. Pitaken wau boten kula wangsuli, kangge ngawekani manawi dumugining wanci mindhak kepepetan margi.

Badhe nglajengaken kepalang aweran, ngiwa nengen namung tansah ketanggor awisan. Wontenipim kencengipun samanten, jalaran manut adat tatacara, yasanipun Kangjeng Ratu Kidul Kencanasari, ratu lelembat. Angsal-angsalanipun panaliti kula, wiwit pasisir kidul tlatah Ngayogyakarta sapangilen, nrajang tlatah Pasundhan, sapangetan dumugi Bayuwangi, tansah dipun pepundhi, dipim ajrihi, dipun sajeni. Kanthi dlemok cung wonten griyanipun alit-alit kangge wadhah sajen.

Ing Ngliyep bawah Malang sarta ing bawah Jember, isi pasarean ingkang dipun estokaken wewaleripun, inggih punika sarwa gadhung-ijem, jalaran punika pangagemanipun Kangjeng Ratu Kidul. Mila ingkang ajrih boten kula waoni. Ingkang boten sumangga, manut kapitayanipun piyambak-piyambak.

Manawi kula, namun netepi wajib, nyingkiri sakathahing tindak-tanduk ingkang asipat ngremehaken, awit punika tindak ingkang nyimpang saking garis kasusilan utawi bekti. Maiah lacutipun saged njalari sangsara, ngembet-embet dhateng ingkang boten magepokan.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Parimarmaning Pangeran, tuwin bokmanawi saking palilahipun Kangjeng Ratu Kidul, kanthi boten kanyana-nyana R.T. Warsadiningrat teka ndongengaken, suka katrangan ingkang kula betahaken kados kasebat nginggil.

G.P.H. Suryabrata, samangke guru bedhaya, mewahi katrangan bab jogedipun. Bingah kula tanpa upami. Saupami saged kabobot, bokmanawi ngantos nelasaken timbangan. Sedya kula badhe metani prekawis Bedhaya Ketawang sampun ngantos ical tanpa lari, sapunika badhe kalampahan.

Leres utawi lepatipun nyumanggakaken. Jer kula sampun babad-babad. Ingkang kantun kula acarani supados nglajengaken.

Ing ngajeng sampun kapratelakaken bilih Bedhaya Ketawang punika "beksan pusaka kaprabon kraton Surakarta", manut adat tatacara asli seganten Kidul, jaman Mataram Kasenapaten, tahun 1536 - 1570. Warsadiningratan ngendikanipun muluk sänget. Beksan punika yasanipun Bathara Guru ing tahun 179. Dados letipun wonten 1000 taun. Kados Bathara Wisnu, jaman Bathara Guru.

Kula inggih muluk sänget, nanging pawadanipun beda. Sanes dewa, sanes bathara, sanes sinten-sinten, namung leluhur kita ingkang sampun suwarga ingkang njangkung turasipun.

Wondene pamawas kula ngengingi Bedhaya Ketawang punika adhedhasar:

a. Joged, cakepan, pilihan dinten kangge anjoged, wujud larasing gangsa tuwin suraosing sindhenan;
b. Cocogan gotek-gotek, seserepan sanes kaliyan Bedhaya Ketawang, kawiwitan saking ingkang baku:
   1. Pilihaning dinten beksan namung dinten Anggarakasih, inggih punika gebyagan tingalan dalem jumenengan:
      1.1. Anggarakasih (Selasa Kliwon). Ingkang kula anggep baken Kasih-Kliwonipun, amargi gadhahan kita piyambak, klebet dinten pekenan (Ing Bali pekenan punika winastan "pancawara).

      Paseksenipun, kanca dhusun manawi pinuju memengeti boten migunakaken dinten pitu (saptawara) sarta panang-galan, nanging temtu pekenan, upaminipun: Dhek wage aku nyang negara. Dhek paing aku duwe putu. Suk legi aku ngedegake pawon.

      Anggarakasih ugi kangge nyirami, inggih punika nglisahi

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA


pusaka-pusaka dalem: wangkingan lan dedamel sanesipun. Anggarakasih wuku Dhukut tuwin Mandhasiya winastan Anggarakasih Ageng. Ingkang kawiyosaken namung pusaka-pusaka Kangjeng Kyai ingkang inggil-inggil tataranipun. Ngantos wonten wilujengan "nyaosi dhahar Wuku Dhukut". Ing wulan Sura pusaka-pusaka sami dipun warangi, wonten ing kraton dipun wastani: dipun jamasi.

1.2. Wilujengan dhusun-shusun Buda ing Tawangmangu Pancot, Ngluruh, Kalisara, Blumbang, Gandasuli lan sapanunggilanipun dhawah ing dinten Anggarakasih sadaya.

1.3. Namaning peken: Pasar Legi, Pasar Pon, Pasar Kliwon. Ing bang kilen: Pasar Senen, Pasar Minggu, Pasar Rebo.

Sarehne petangan dinten kita asli tetela dereng kadayan kabudayan manca, nelakaken bilih Bathara Guru dereng angajawi, tegesipun dereng 176. Bab wontenipun Bedhaya Ketawang petangan kula langkung sepuh sänget. Eman dene jaman semanten sasumerep kula dereng wonten petangan titimangsa, dados kula boten saged ngaturi ancer-ancer kala punapa wontenipun.

2. Kosok wangsul kaliyan gebyagan tingalan jumenengan dalem, ingkang sampun kadayan dening kabudayan India Kidul. Kados



Gambar: Medal lan lumebetipun Bedhaya.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saemper bilih Bedhaya Ketawang punika ewah-ewahan, kawangun saking beksan kasuburan ing candhi ingkang dipun ayahi Dewadafi. Kenya ingkang tampi ayahan namung mataya ing candhi kemawon, sak pasindhenipun, katitik saking medalipun bedhaya limrah pathetan urut kacang saking kori ageng Dalem Prabasuyasa ingkang kidul piyambak, lenceng mangetan ngener pandhapi, *ngerìngaken* Ingkang Sinuhun. Manawi sampun dumugi ngarsa dalem lajeng rakit. Wangsulipun mlebet ugi nunggil margi.

Nanging manawi Bedhaya Ketawang, sanadyan pathetanipun sami, samandhapipun saking bangsal Parasdya "ngenceng ngaler ngetan", minggah pandhapi wangsul lenceng mangetan malih, *nengenaken* Ingkang Sinuhun, nekuk mangidul, dumugi ngarsa dalem linggih rakit. Munduripun medal kidul kados bedhaya limrah, supados lestantun *nengenaken* Ingkang Sinuhun.

Punika adat ngubengi candhi, ingkang nama Pradaksina. Upami wangsulipun kados nalika majeùgipun, temtu badhe ngiwakaken Ingkang Sinuhun, satemah cengkah kaliyan pangaji-ajinipun dhateng ingkang sinembah.

Ingkang Sinuhun kagatra dewa utawi reca dewa, pratistha, kedah dhawah tengen, kados malenggotbawanipun para widadari ngubengi Bathara Brama, kasebut nginggil.

Wawangunan sarta tatarakiting kraton boten nilar paugeran punika: regol majeng mangaler, lebetipun mangidul. Pandhapi majeng mangetan, minggahipun mangilen. Dalem majeng mangidul, mlebetipun mangaler. Dados sadaya manengen anjog telenging kedhaton papan pasemaden, inggih punika sangger palanggatan.

Mila para darmawisata Prambanan, Barabudhur ingkang mangertos, anggenipun ningali ubengipun temtu manengen, ngurmati pepundhenipun.

Bangsa Tamil-Cetty ing India sisih kidul ingkang mbekta Ramayana dhateng tanah Jawi saperangan ageng ngrasuk agami Wisnu. Mila Prabu Jayabaya inggih dipun anggep titisan Wisnu. Nalika saweg mumbul-mumbulipun, agami (jiwa — Wisnu jejer sesarengan, kados sadherek tunggil bapa-biyung, ingkang lajeng mahyakaken pasemon reca Ciwa-Wisnu: Hari-Hara.

Anggen kula mastani sadaya wau boten namung waton

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ndumuk kemawon, nanging kangge ancer-ancer, bilih kala jaman Kedhiri Bedhaya Ketawang sampun wonten. Namung boten ñama áneh bilih tata rakiting pangangge lan sanes-sanesipun taksih kencokan manca. Manawi samangke sampun Jawi deles. Sakedhik kemawon boten wonten daya saking ngamanca.

Ing panginten sampun cetha bilih khudusipun Bedhaya Ketawang punika jalaran saking bakunipun beksan candhi, kawewahan tumedhakipun Kangjeng Ratu Kidul. Upami sesotya ngindhakaken gosokanipun. Kula piyambak ngraosaken wingitipun.



Cacahing ingkang beksa 9

c. Panganggen temanten panggih punika sapantha kaliyan joged saha cakepan sindhenipun, ingkang tuwuh saking kasagahanipun Panembahan Senapati anggenipun anggarwa ngantos satedhak-turunipun ingkang madeg ratu ing tanah Jawi. Bokmanawi sampun rumaos temanten, namung kantun panggihipun. Mila inggih lajeng mangangge cara temanten panggih: Dodot banguntulak, alas-alasan ngumbar kunca, tapih cindhe wungu sekar saudhetipun, siepe, mawi buntal paesan centhungan, gelung bokor mengkurep karajut sekar

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

melathi anam kanthil. Samangke dipun ceploki grudha mungkur kencana, cundhuk jungkat jeram saajar, cundhuk mentili, kembang tiba dhadha (samangke tiba wentis). Kalung pananggalan, kelat bau, gelang, sesupe.

Sampun kacariyosaken bilih solahipun beksa asring lekoh, minta aksama badhe nyembadani raos samangke, inggih punika nirokaken patrap ulah asmara. Nanging saking alusipun, manawi boten dipun cariyosi saderengipun lajeng dipun mataken, temtu boten badhe sumerep.

Sawenehing beksan nggambaraken bilih para juru beksa anggenipun beksa sami lenggah, kantun kalih ingkang ngadeg, perlambangipun Panembahan Senapati kaliyan Kangjeng Ratu Kidul pinuju among asmara, leliron sih.

Ngendikanipun para sepuh, paesan punika lambangipun lingga yoni ingkang kabesut. Mila ingkang dhawah bathuk wangun badhongan kabelah tengah. Godhegipun: lingga. Ingkang kangge maesi godhong dhandhang gendhis, warninipun ijo royo-royo, ambetipun arum.

Yen gadhah damel mantu, bantal sungsun ing patanen punika rinengga oncen-oncen sekar mlathi usus-usus kareka badhongan sungsun tiga. Kiwa-tengen gambyok.

Patanen punika senthong tengah minangka puseripun griya Jawi isi patileman. Manawi kamaripun wiyar ugi kangge nyimpen pusaka. Mila khudus, kapundhi-pundhi sarta dipun sajeni. Boten kenging wonten tiyang lanyak-lanyak. Saben malem dinten malang kacaosan dhahar. Reresikipun inggih namung kasulakan kemawon, boten kenging barang-barang dipun dalaken. Kengingipun namung manawi badhe gadhah damel mantu kemawon. Prabotipun sarwa ingkang edi peni.

Dalemipun para priyagung, krobongan sasap kasur, urung bantal guling cindhe, dipun ceploki bludiran, Yen kraton kencana tinatah, rinengga ing sesotya. Klambu ing ngajeng kalih panggenan kacincingaken, canthelanipun slaka. Manawi gadhah damel dipun, cantheli ron sedhah katutul-tutul apu.

Ing sangajenging krobongan kapernah bontosing guling dipun sukani perlambang warni-warni: loro-blonyo, inggih punika reca kajeng kaentha temanten jaler-estri; klemuk isi wos sarta arta warni-warni; kendhi; diyan sewu, nanging boten kasumed.


PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kapernah ing tengah wonten jodhog ingkang kasumed, salaminipuö boten kenging pejah. Ing kraton, latunipun saking pasarean Sela, ka'wastanan latu bledheg. Saben taun kaenggalaken saking pasarean Sela, awarni upet. Sasampunipun kaempakaken ing nglebet lajeng kawaradinaken dhateng putra santana sadaya. Urubing latu wau anteng, bleret, mobat-mabit lan sapanunggilanipun, dados titikan badhe lelampahanipun ingkang jumeneng nata sanagarinipun. Dados kados sanepanipun urubing blencong ing ringgit purwa.

Ingkang wenang nilemi ing krobongan punika namung temanten bibar panggih. Samangke namung kantun sarat kemawon.

d. Gangsanipun laras pelog, tanpa keprak, punika inggih kina. Beksan ing Bali, Siam, India, Kamboja lan sanes-sanes nagari boten wonten ingkang mawi keprak.

Cak-cakaning beksanipun: sadumuginipun ngarsa dalem terus rakit, ngajengaken ngarsa dalem Ingkang Sinuhan. therek sungsun tiga. Tengah gangsal, kaapit ngajeng-winking kalih-kalih kados ing ngandhap punika.




Sarta namaning para juru beksa:

1. Batak
2. Endhel ajeg
3. Endhel weton
4. Apitngarep
5. Apit buri
6. Apit meneng
7. Gulu
8. Dhadha
9. Boncit

Salebetipun mataya boten ajeg makaten kemawon, nanging tansah santun adegan. Ing perangan adegan pungkasan sanadyan boten kalebet nawagraha, ing ngriki kula pacak.

Jurubeksa jejer tiga-tiga rangkep tiga, kados gambar ing ngandhap punika: 19)

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



1. Batak
2. Endhel ajeg
3. Endhel weton
4. Apit ngarep
5. Apit buri
6. Gulu
7. Dhadha
8. Boncit
9. Apit meneng

Lajeng suwuk, pathetan. Para jurubeksa wangsul mlebet dalem ageng, medal sakiduling palenggahan dalem, supados pradaksina. Nengenaken sang nata malih, ingkang kaentha bathara utawi pratistha, kados para widadari ingkang malenggotbawa ngubengi Bathara Wisnu, Bathara Brama kasebut nginggil.

Dados tetep yen beksan Bedhaya Ketawang punika beksan candhi, ngemba tatarakiting lintang. Wondene ubeting beksan kula boten wani mratelakaken, jalaran kula dereng nate srawung kaliyan kawruh astronomi.

Nalika tahun 1952 sarta tahun 1960 kula dhateng Sumatra tuwin Singapura, saged ningali gurdwara papan pasembahanipun bangsa Tamil-Cetty. Wonten ing salah satunggilirig altar stadial utawi garbhagrha wonten pepethanipun dewa alit-alit, cacahipun sanga. Miturut pratelanipun ingkang ngeteraken wasta "nawagraha" — lintang sanga. 20) Namanipun ingkang pitu dados namaning dinten:

1. Surya	- Aditya	- Radite	- Akad	- Zon
2. Soma	- Candrema	- Soma	- Senen	- Maan
3. Anggala	-	- Anggara	- Slasa	- Mars
4. Buddha	-	- Buda	- Rebo	- Mercurius
5. Wrespati	-	- Respati	- Kemis	- Jupiter
6. Sukra	-	- Sukra	- Jumuwah	- Venus
7. Saniscara	-	- Tumpak[21]	- Setu	- Saturnus
8. Rahu				
9. Ketu				

Kula kaget dene panataning dewa sanga wau saemper kaliyan tatarakiting Bedhaya Ketawang. Kawitan, 2 - 5 - 2 sacleretan kados tatarakiting lintang Ketonggeng ing mangsa ketiga. Upami ingkang kapetha punika saestu kados makaten, inggih boten aneh, awit namanipun "nawagraha", lintang sanga. Nama-nama wau Hindhu-Latin. Naminipun Jawi dereng angsal seaerepan.22) Manawi boten lepat, badanipun pepethan ketonggeng punika ing palintangan Jawi nama "Klapa dhoyong".

Gegayutanipun kaliyan Bedhaya Ketawang sambet prekawis

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

palintangan wau. Tawang punika langit, kandhanging mega, mendhung lan lintang. Wonten ing cakepanipun sindhen babak 3 pada 2, ungelipun makaten:

Anglawat akeh rabine Susuhunan, nde,
anglawat kathah garwane Susuhunan, nde,
sosotya gelaring mega Susuhunan,
kadi lintang kuwasane^) Susuhunan.

Tetela Bedhaya Ketawang punika boten pisah kaliyan Kangjeng Ratu Kidul, nanging sanes Kangjeng Ratu Kidul Mataram abad 16), nanging Kangjeng Ratu Kidul OER, saderengipun wonten Bathara Guru Jonggringsalaka klebetan bangsa Hindhu.24)

Ngiras kangge paseksen wawasan kula, bilih srimpi Anglir Mendhung punika adhinipun Bedhaya Ketawang.

Ngambali prekawis ketonggeng, inggih punika bangsaning gegremetan ingkang mawa entup. Manawi kaothak-athik teka saged jumbuh kaliyan tatacara temanten Jawi ing jaman kina. Sabibaring panggih, manawi temanten sampun badhe ngaso, lajeng santun pangganggen. Ingkang jaler ngangge udheng, sabuk sekaran "klabang ngentup", kembaran kaliyan kémbenipun ingkang estri. Bebedipun ugi kembaran, "bondhet". Enjingipun santun udheng sabuk kemben sekaran "temanten anyar".

Gendhingipun Bedhaya Ketawang punika limrahipun dipun wastani Ketawang Gedhe, kalebet sindhen lan beksanipun. Wondene tabuhanipun namung warni 5, inggih punika: kethuk, kenong, kendhang, gong, kemanak. Larasipun pelog nem, beksanipun tigang adegan. Anehipun, sadumuginipun tengah-tengahan malik slendro sakedhap, kaping kalih, salajengipun wangsul pelog malih ngantos suwuk. Sindhenanipun babak 1: sekar Durma, salajengipun santun Retnamulya.

Pathetanipun ñama suluk. Supados gadhah laras, kawewahan rebab, gender, gambang, suling.

Salebetipun beksan boten mawi keprak. Gangsa pelog nelakaken bilih Bedhaya Ketawang punika sepuh.

Sanadyan rakitan pungkasaning beksa 3 x 3 x 3 punika boten kalebet nawagraha, nanging sarehne nawagraha punika tumrap bangsa India kalebet prabot sesembahan, saking pamanggih kula rakitan punika mungguh sanget kangge panutuping beksan, minangka pralam-

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bang panembah Sang Hyang Widdhi. Sura Dira Jayaningrat lebur dening Pangastuti.

III

Kangjeng Ratu Kidul punika sinten? Wonten sayektos punapa namung dedongengan kemawon?

Pitaken wau tumrap jaman samangke trep sänget, awit Kangjeng Ratu Kidul pimika bangsa alus, sugengipun wonten ing alam lemunan. Kula piyambak inggih dereng nate mrangguli, sanadyan ayahan kula nalika nyambut damel worjten ing kraton rumiyin kapatah nyawisi pangagemanipun, sajen-sajen wilujengan lan sasaminipun. Sumerep kula inggih namung tutur nempil, boten kula anggep kawruh pribadi. Inggih sakathahing tempil-tempilan wau ingkang badhe kula andharaken ing ngriki.

Miturut babad, Kangjeng Ratu Kidul punika timuripun asma Dewi Renta Suwida, putranipun Ratu Pajajaran, Prabu Mundhingsari, saking prameswari Dewi Sarwedi, Wayahipun Sang Hyang Suranadi, buyutipun ratu seluman ing Sigaluh. Sang putri lolos saking kraton, nuruti neting panggalih, teteki wonten ing redi Kombang. Saking kadibyanipun sang putri ing pertapan asring katingal wujud priya. Diwasanipun kalajeng wadad, dados seluman ngratoni lelembat satanah Jawi, ngedhaton ing dhasaring saganten Kidul, saganten Indonesia. Prekawis wau nama boten aneh, jalaran pancen gadhah darah lelembat.

Anggenipun jumeneng nata jejuluk Kangjeng Ratu Kencanasari. Wonten ingkang nyebat Nyai Lara Kidul25), kawancah dados nyi Ra Kidul. Wonten malih ingkang nyleneh, mastani: Bok Rara Mas Ratu Kidul. Kasebut Rara jalaran boten krama, lestantun kenya.

Tembung *lara* dipun tegesi sakit. Dewi Retna Suwida ingkang ayunipun ngimgkuli widadari kaswargan, kataman gerah budhug, lepra. Usadanipun namung kungkum wonten sendhang satepining samodra. Sawijining dinten nalika pinuju suryan manglung sendhang, priksa risaking wadana ngantos pangling. Saking merangipun lajeng ambyur ing samodra, boten wangsul ndharat malih. Dangu-dangu sirna kamanungsanipim, mancala dados bangsa alus.

Wonten saweneh ingkang mastani Kangjeng ratu Angin-angin.

Dumugi sapriki Kangjeng Ratu Kidul punika boten ngemungaken

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngratoni leìembat kemawon, malah ugi dados pepundhenipun tetiyang ing pesisir kidul satanah Jawi. Ing bawah Ngayogyakarta kratonipun, sapangilen urut pasisir Priangan Kidul.

Cariyosipun tamu ingkang njenengi pambikaking Hotel Pelabuhan Ratu, wonten lelampahan ingkang elok. Salebeting pista kataman lesus ageng, sag^nten kados kinebur. Payung, kursi, meja ingkang badhe kangge dhaharan wonten ing satepining samodra sami dhadhal larut katut ing almi. Kajeng ingkang ageng-ageng sami sol utawi sempal kados wana dipun babadi. Sareng Kangjeng Ratu Kidul dipun caosi dhahar, salebetipun 5 menit sampun sirep. Ing hotel punika dumugi sapriki wonten kamar ingkang kasengker, kagem pasanggrahanipun Kangjeng Ratu Kidul.

Wonten saweneh nyonyah manggangge ijem. Sampun dipun engetaken bilih panganggenipun wau nrajang aweran, nanging boten maelu. Nalika badhe ningali kamar pundhen utawi sengkeran wau, kabentus ing kori. Kacanipun pecah, natoni rainipun, ngantos dipun bekta dhateng griya sakit.

Tetiyang ing pasisir kidul sapangetan dumugi Banyuwangi sami memundhi Kangjeng Ratu Kidul, kajawi ing dhusun Danamulya, padununganipun umai Kristen.

Camat dhusun Paga nelakaken bilih ing dhusun ngriku saben taun caos sesaji dhateng Ni Ra Kidul, katata wonten ing griya alit, kados dene sanggar. Ing pasisir kidul Lumajang saben taun ngawontenaken korban menda.

Manut kojahipun sadherek Walter, kala rumiyin wakil pangarsa Raad van Indie, ing dhusun Ngliyep saben taun ngawontenaken sesaji, katur Nyai Lara Kidul, kapapanaken ing griya alit mawi senthongan. Ing nglebet kebak sesaji pepunjung katur Nyai Lara Kidul. Ing sawetanipun Ngliyep mila inggih wonten pulo alit, wonten griyanipun, nanging sapunika suwung. Makaten menggah cariyosipun ingkang sami taksih sok rawuh mrika.

Wonten tepangan kula cariyos, nalika nem-neman remen rialat nenepi. Ing taun 1955 ngiringaken gurunipun kaliyan mitra kalih, sowan Nyi Lara Kidul wonten pulo Kombang, pulo karang alit sawetan Ngliyep. Sadinten sadalu sadherek wau ngliga sarira. Kyai guru kaparingan kemben. Pandherek boten wonten ingkang sumerep kemben punika saking sinten. Piyambakipun rumaos sumerep griya mas dilahipun pating klencar.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Waleh-waleh punapa kula piyambak nate ngalami kados makaten ing griya kemawon. Ing sawijining dinten wanci serap, netepi pitedahipun tiyang sepuh, ngeningaken manah wonten ing pringgitan. Sareng melek jebul rumaos yen linggih wonten ing pendhapi mas sumorot. Rumaos bilih badhe kalap, kula mlajeng, ajrih. Cuthel.

Manut kojahipun tiyang sepuh ing Pacitan, pasisir ing ngriku gawat, awit kalebet laladan kratonipun Nyai Lara Kidul. Boten kenging mangangge ijem. Manawi katrajang niwasi. Wonten turis bangsa Walandi saanak-semahipun, mangangge ijem. Dipun engetaken boten maelu, malah' ngece. Sami keceh wonten ing saganten. Boten dangu saganten rob kados kinebur. Alun agengipun saredi-redi nyempyok gisik, wangsulipun nggondhol Walandi sanak-semahipun.

Dhalang Blitar cariyos, bilih tlatah ngriku dumugi redi Kelud taksih ngestokaken awisan mangangge sarwa ijem, sarta boten wonten ingkang nrajang.

Ing dhusun Puger, bawah Jember kalajeng ngawisi mangangge sesupe jumerut. Awisanipun dhusun Tanggul, bawah Jember ngangge sinjang kawung rasukan abrit. Dhusun Pokoh awisanipun mangganggе sinjang parang rusak barong. Kalih-kalihipun manawi ngobong menyan kacampuran candu.

Kula piyambak nate ngalami ingkang aneh. Nalika dipun wontenaken pepisahan ing sekolahipun anak kula estri, kula kasaraya damel tetingalan, kawujudaken tampining wahyu kaprabon Panembahan Senapati, mawi nyebat Kangjeng Ratu Kidul. Kawuningana, boten kanyana-nyana lajeng wonten lesus ageng sarta lampu pejah sadaya. Bokmanawi kasiku dening Kangjeng Ratu Kidul, sanadyan sampun dipun sajeni. Saged agi taksih wonten ingkang kirang.^6)

Dumugi sugengipun Sinuhun Paku Buwana X, Kangjeng Ratu Kidul asring tedhak pesiar nitih kreta kagrubyug pandherek kapalan kathah ngambah jumantara, ing wanci serap. Suwantenipun pating kethoprak, pating krincing, nanging boten kasat paningal. Tetiyang sami ngelokaken: lampor. Lajeng dipun kenthongi kothekan rame, supados boten wonten wadya ingkang gendhak sikara mampir nganjingi tiyang.

Juru gambar Dallacq mahyakaken lampor wonten ing gambar reriptanipun. Kangjeng Ratu Kidul kagambaraken nitih kreta gerbong alit, kagrubyug pandherek wadya kapalan, medal gegana. Boten dangu juru gambar punika tilar donya.^

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wonten ing Malang kula nyumerepi Kangjeng Ratu Kidul kagambar wanita kungkum ing toya, ing salebeting guwa.^8) Rema kawudhar kawiwir manengen, semekan ijem tinepi pethak mawi bara, sangsangan sesotya endah. Panggambaripun cetha. Beda kaliyan ingkang wonten ing Surabaya, semekanipun abrit. Eman dene tandha tanganipun ingkang nggambar boten cetha.

Asma Kangjeng Ratu Kidul Kencanasari ing kraton Surakarta taksih lestantun kaanggep akrab saking kasagahanipun Panembahan Senapati anggarwa satedhak turunipun ingkang jumeneng nata. Kala alitan kula para sepuh ngatag amrih basa "eyang". Kuwajibanipun ngreksa kawilujenganipun nata saputra wayah, abdi kawulanipun, tata tentreming nagari saisinipun sadaya. Saben dinten kintun pajagen.

Eyang Ratu Kidul asring tuwi masanggrahan wonten Panggung Sanggabuwana, ing kamar loteng nginggil piyambak, ingkang nama tutup saji. Rawuh utawi kondur tanpa lampor. Kasadhiyan pangageman sarta sajen pepak. Saben malem Jumuwah utawi Anggarakasih kasantunan ngiras nyaosi dhahar. Atur sadhiyan pangageman namung saben taun.

Loteng wau kakunci, namung para ingkang tinanggenah ingkang kapareng melebet. Rawuhipun ingkang tamtu saben Anggarakasih, wanci ajar-ajaran Bedhaya Ketawang sarta yen badhe tingalan panjenengan dalem, gebyagan. Tumut beksa, inggih asring ngatingal. Wonten saweneh ingkang dipun sumerepi.

Sanadyan andharan kula bab Kangjeng Ratu Kidul sampun panjang, ewadene bab nyataning panjenenganipun taksih kados Bathara Guru, ringgit wacucal kinurungan kesting jene, kaaji-aji nanging dereng kasumerepan isinipun.29)

Watawis taun 1925 — 1930 pangarsaning teosofi sadonya, bangsa Amerika, kliling dhateng pundi-pundi, mampir Surakarta. Rerembagan prekawis Kangjeng Ratu Kidul. Tamu wau nyagahi manoni. Enjingipun bidhal dhateng pasisir kidul, lajeng samadi ngantos satawis. Wudharing samadi pratela bilih saged sumerep Kangjeng Ratu Kidul, wujud titah wetah nanging pamidhangan sapanginggil kinurung ing cahya praba, kados gambaripun para dewa utawi para ingkang ingaji-aji. Sanes priya sanes wanita.

Dados saking pangraos kula, Kangjeng Ratu Kidul punika Dewining Alam utawi Dewining Samodra. Tunggilipun wonten tiga, inggih punika:

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

1. Wetan, Kangjeng Sunan Lawu, dewaning gunung. Kacariyos sakawit Raden Guntur, putra Majapait ingkang kaplesit kala bedhahipun nagari, kaplajeng ngantos dumugi pucaking redi Lawu.
2. Kilen, Kangjeng Ratu Sekar Kedhaton ing redi Merapi, Dewining gunung. Boten kondhang.
3. Ler, wana Krendhawahana. Bathari Durga, dewining wana. Gotekipun ingkang nate dipun katingali, warni raseksi kados Bathari Durga ing ringgit wacucal.

Saking pamanggih kula, sadaya wau kapitayan, kapepetri dening kraton minangka panjagi nagari sakukubanipun.

Sesaji ingkang radi beneh, inggih punika sesaji Maesalawung, katur Bathari Durga. Saben wulan Rabingulakir, dinten Senen utawi Kemis ingkang pungkasan, kawontenaken sesaji Maesalawung utawi Rajaweda, inggih punika wilujenganipun nagari Surakarta saisinipun, kados dene bresih desa ing padhusunan. Ingkang ngepung abdidalem pepatih dalem sakancanipun para bupati sapangandhap. Ingkang ndongani abdidalem bupati anom Suranata. Donganipun donga Buda. Rapalipun campuran Jawi-Arab. Ingkang badhe kapunjungaken Sang Hyang Pramoni punika awujud:

Bekakak tiyang kalih, jaler-estri, sami tanpa busana, badheg sagendul, rah mentah samangkok alit. Ingkang kautus munjungaken abdidalem jajar juru Suranata dhateng sumur gumuling, telenging Krendhawahana. Sasampunipun ngobong menyan kaliyan ngucapaken rapai, bekakak tiyang kaselehaken ing windu. Badheg sarta rah kagrujugaken windu mubeng.

Tegesipun maesalawung punika: maesa ingkang dereng magawe. Rajaweda mratelakaken yen aslinipun wilujengan sampun kalimrah saderengipun agami Islam Dhateng, jalaran Weda punika kitabipun agami Hindhu.

Abdidalem Juru Suranata punika kalebet golongan abdi dalem *mutihan,* nanging madeg piyambak, boten madana pangulu. Kuwajibanipun:

a. Juru wajibipun nyarati sarta numbali kawilujenganipun nagari saisinipun.
b. Suranata metang pananggalan, mangsa, wiyosanipun para putra-putri dalem kawrat ing serat konjuk Ingkang Sinuhun, boten lumantar pangulon. Dados napak tilas pranatan nagari jaman kina, ngengingi babagan agami.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dudutan kuia, Kangjeng Ratu Kidul punika sanes dongeng, sanes gugon tohon, tetela namung sanes alam kaliyan kita. Ingkang kawenangaken mahas namung janma utami kados Panjenenganipun Panembahan Senapati ingkang nguwaosi alam kalih: alus tuwin wadhag, sanepaning loro-loroning atunggal.

Paripurnaning pangripta ngaturaken sagunging panuwun, pangastuti, katur ingkang tan kawuryan ingkang nyipta beksa pusaka Bedhaya Ketawang ing kraton Surakarta, ingkang nyakup saliring kaendahan.

Ugi atur panarimah ingkang tanpa upami dhateng sadaya kemawon ingkang suka seserepan sarta pambiyantu kaleksananing sedya kula memetri Bedhaya Ketawang, sampun ngantos sirna tanpa lari, sarta minangka tilaran kula dhateng anakputu sawingking kula.

Surakarta, Sabtu Paing,
sur}'a kaping 21 Rejeb, taun
Dal 1903, wuku Wukir 1903
utawi kaping 11 September 1971.

Shanti. Shanti. Shanti.

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

CENTHANGAN

1. Wonten ingkang mastani "wajikan". Bokmanawi asring wonten ingkang kasambet-sambet, guntinganipun maju tiga kados wajik. Sanadyan sambung-sinambung, nanging malah khudus. Ing tanah kilenan ugi sami nganggep suci.
2. Namaning wulan sadasa saderengipun migunakaken nama Islam, lajeng dados mangsa.
3. Wanita satunggal-satunggalipun ingkang mawi sesebutan Adipati.
4. Manut pamanggih kula Canthangbalung punika rumiyinipun pandhita ingkang mangarsani sesaji, beksan candhi lan sanes-sanesipun. Ananging saking sepuhipun, lan boten kapepetri, ngantos katutupan lebu-lumuting jaman. Temahan lajeng katelah nama badhut kemawon.

   Mirsanana sesorah kula "Canthangbalung" ing Walidyasana, kala kaping 11 Pebruari 1953.
5. Sawenehing guru dhalang wonten ingkang mulang: walang asisik.
6. Manawi priya: sampur. Yen mawi gombyok nama: Kace.
7. Samangke namung IV2 jam. Katrangan saking keputren, punika saking kepareng dalem Ingkang Sinuhun kaping X. Sareng sampun yuswa, karaos kedangon, lajeng sarembag kaliyan Kangjen Ratu Kidul.
8. Dereng wonten bukung, potongan cara jaler lan sasaminipun.
9. Kala rumiyin, putra-putri dalem tuwin wayah dalem wiwit timur mustakanipun kaplonthos, lajeng kaprada mas (dede brons), supados benjing thukulipun rambut sae, lemes, ketel lan panjang.
10. Kirab punika ugi namanipun arak-arakan jumenengan dalem sasampunipun kabiyawarakaken ing Sitinggil, lajeng tedhak ngubengi kraton, nitih kareta kencana pangirit kuda 8. Samangke penganten bibar panggih sok kaarak dhateng kamar pondhokan, santun busana lajeng kaarak medal malih manggihi tamu.
11. Sang Hyang Girinata nate dipun tegesi dasanamanipun Siman Giri. Nata = Sunan, Sunan Giri = Girinata. Punika boten leres. Sang Hyang £iwa utawi Bathara Guru punika ing mitologi Hindhu ugi apeparab Sang Ancalapati.
12. Miturut katranganipun guru kula, Raja Bali, Bathara Brama — Bathara Wisnu — Bathara £iwa sami atas-atasan kuwaos. Ratuning jagad:

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

linggot — dawa/lingga — dhuwur cahya manther sasada lanang.
bawa — cahya/mani — putih

Bathara Brama nunten malih gagak seta, mabur ndedel anggegana dhateng langit sap pitu, madosi pucukipun nginggil. Bathara Wisnu mancala dados celeng, ambles ing sapta pratala, madosi pucuking ngandhap. Sami boten pinanggih. Sajatosipun punika "Qiwa". Wosipun sami kaliyan serat Ramayana kawi pupuh VI, pada 107.

Katranganipun Dr. J. J. Juynboll tegesipun: jogedan mbeksa cepengan dhapur lingga, mila "lingga utbawa". Ing masarakat penganut agami Qiwa bab punika boten aeng.

Kula gadhah liontin "lingga" mas, wujud wantah. Ing ngajeng gapura candhi Sukuh, tlatah Tawangmangu, wonten sela ageng tinatah lingga-yoni, baga-purus wantah ajeng-ajengan. Bangsa kita ingkang boten mangertos, nganggep punika sengkala memet: tanpa ngrasa gunaning wong", 1360. Dinas Purbakala cariyos, sengkalanipun ngriku: Gapura Buta Mangsa Manungsa, 1359.

Dhawuh dalem Ingkang Sinuhun kaping X rumiyin, cepenganipun Canthangbalung yen njoged njajari gangsa Sekaten ing Bakda Mulud, inggih lingga wantahan, ukiranipun ugi makaten. Sareng jumeneng dalem, kagalih sampuh boten njaman, lajeng kasantunan towok waos mawi gombyok, ukiran Burisrawa. Jogedipun namung sakajengipun piyambak. Asring nirokaken motor mabur, ndhaplang mider-mider pados gujeng. Inggih punika mlorotipun brahmana dados badhut. Kula kantun meningi capipun lambtszegel). mawi tandha "bagapurus wantah ajeng-ajengan".

13. Ing padhalangan gamelan Lokananta, saking kaswargan kangge ngurmati dhaupipun R. Aijuna kaliyan Sembadra. Panggih dalem Ingkang Sinuhun Paku Buwana kaping X dhaup kaliyan G.K.R. Mas, ing Sitinggil kurmatanipun mawi Monggang, ing lebet nganggе gendhing Pisangbali. Ing jawi limrahipun mawi Kondhok Ngorek.
14. Sangka (Skr.), bangsaning keyong ageng saganten, kasebul dados slompret, minangka tengara wiwitipun tatacara khudus. Mirid Serat Bhagawatgita, nalika Brayuda Pandhawa gangsal sami gadhah slompret sadaya. Kagunganipun Prabu Kresna wasta "Pancayajna".
15. Sakadhomas utawi Arcadhomas, minangka pundhenipun tiyang

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kedaleman ing Banten. Mirsanana DJAWA, XII110. 4 — 5 Juli — Oktober 1935.

16. Bokmanawi punika sababipun panganggenipun Bedhaya Ketawang cara temanten panggih. Mila dipun wastani tatacara beksan wiwahan (Minne/huwelijksdans).
17. Mirsanana sesorah kula ing R.R.I. Surakarta, 14 Pebruari 1955, bab "Sandyakala".
18. Mirid buku seratanipun Ny. B. van Helsdingen/Schoevers: [v]'Bedojo Srimpi", Balai Pustaka kaca 16, nama "Kori Pangurip".
19. Gambar punika saking tilas guru bedhaya, marhum Nyai Lurah Mardimataya (Tjitut).
20. Wonten pundi-pundi kula remen ningali candhi utawi papan panembah sanesipun. Wonten Sumatra Barat ngantos 32 mesjid, sami tumumpang ing balekambang ingkang toyanipun bening sanget. Cakrikipun murni, boten kawoworan manca.
21. Leresipun Saniscara, nanging katelah makaten, inggih punika Setu Kliwon, kados dene dinten Anggara Kasih .= Selasa Kliwon. Kadhawahaken sanesipun Selasa Kliwon boten saged.

    Namaning dinten Eropah inggih wonten ingkang nyambut namaning lintang: *Zondag* (Surya); *Maandag* (wulan); *Zaterdag* (Saturnus). Namaning dewa: *Woensdag* (Wodan); *Donderdag* (Donar).
22. Jawi inggih gadhah palintangan piyambak: Lintang Luku; Lintang Kukusan; Gemak Tarung; Panjer Rina; Panjer Sore lan sapanunggilanipun. Lare-lare alitan kula mastani Lintang Panjer Sore punika "ting negara Landa".

    Ing serat Mijil kasebat: *Irim-irim* lintang *lanjar ngirim, gubug penceng* anjog, wus manengah *praune* sang raden, *Jaka Belek maluku* ing *kali,* lintang *Bima Sekti,* nitih *kuda dhawuk.*

    Ingkang kapetha dados gambar perlambang inggih punika:

    a. Gambar ing pasren, inggih punika wadhah toya suci ing Tengger. Pasren saking lingga-ragi (palintangan).

    b. Kangge rerenggan ing upacara Payung Agung.

    Ingkang ngemu suraos lebet (mistik-religius): Lintang Johar Akhir, Lintang Johar Awal sarta lintang ingkang ngandhapi Wong Agung Ngeksiganda Panembahan Senapati, kala manekung wonten ing Lipura.
23. Mahyakaken panguwaosing tiyang teka kados "lintang".

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Tembung Junggringsalaka punika mathis sanget. Salaka punika pethak. Ing kawruh kapitayan Hindhu, pethak punika ulesipun Bathara Guru ign kejawen.
25. Ing kraton Nyai Lara Kidul punika patihipun.
26. Ing tetingalan punika Wong Agung Ngeksiganda Panembahan Senapati kawujudaken mangagem kaprabon, lenggah dhampar dhenta kaadhep para manggalaning prang lan para ampil-ampil kaprabon, sadaya estri. Wahyu Kaprabon wau Kangjeng Ratu Kidul mangagem agem-agemanipun Dewi Banowati, mbektawang-kingan pusaka, minangka lambanging Kraton Tanah Jawi, badhe katampekaken Pasihaning Pangeran. Sareng jedhul medal, kasa-rengan satunggiling "reaksi kosmis": lesus ageng, kori-kori, cen-dhela-cendhela sami dhar-dher nggebyak. Dilah gantung mobat-mabit sarta lajeng pejah sadaya. Mangka ing jawi dilah lestantun kencar-kencar. Sikuning Kangjeng Ratu Kidul
27. Gambar punika dipun serati "LAMPOR", kapitongtonaken ing Sekaten, lan ingkang ningali kathah sanget. Rampung Sekaten, gambar katumbas Walandi. Mila sae sanget, awit grengipun namung lamat-lamat, rumamyang kemawon, cat katingal cat boten. Pinter anggenipun nggambaraken lan mujudaken lelmat, kadamel lamat-lamat.

    Nyatanipun Dallacq punika tiyang Jawi deles, asli lan griyanipun ing Kapatihan Kulon.
28. Saged ugi punika nggambaraken kala gerah lepra.
29. Rumiyin, serat-seratipun para nata ingkang kakintun dhateng nata sanesipim kalebetaken ing amplop kesting jene. Manawi kula tampi serat saking para Sultan Sabrang, amplopipun ugi kesting jene. Nanging rehne medal pos, lajeng dipun lebetaken ing amplop limrah.
30. Punapa punika sababipun, kala taksih kenya tapa wonten redi Kombang, asring katingal priya, asring katingal wanita.
31. Mirsanana sesorah kula "Kaliyasa."

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PNRI Balai Pustaka
PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA